



Pou Piblikasyon Imedya: 19/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 6 MILYON DOLA KI DISPONIB POU
PWOJÈ AMELYORASYON REFIJ POU BÈT YO**

***Fon Kapital pou Bèt Domestik la se premye pwogram eta a finanse nan nasyon
an pou sipòte pwojè amelyorasyon enpòtan k ap fèt nan refij pou bèt yo.***

***4èm Faz Fon Kapital pou Bèt Domestik la kontinye sipòte pwojè konstriksyon,
renovasyon ak ekspansyon yo***

Pou premye fwa, òganizasyon yo ki te deja fini pwojè yo ap elijib pou aplike ankò

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse plis pase 6 milyon dola ki disponib pou sipòte pwojè amelyorasyon enpòtan nan refij pou bèt yo nan New York. Sa se katriyèm faz finansman pou Fon Kapital pou Bèt Domestik Eta New York la (New York State Companion Animal Capital Fund), k ap ede òganizasyon ki kalifye yo fè amelyorasyon konsiderab nan etablisman yo pou kapab amelyore sante ak swen bèt yo. Pou premye fwa, refij yo ki te resevwa finansman anvan atravè pwogram sa a epi ki te fini pwojè yo ap elijib pou aplike ankò. Anplis de sa, yon pati nan fon sa a prale jwenn òganizasyon nan reyon kote pa gen ase kapasite refij pou bèt domestik yo.

"Pandan pandemi an, kantite adopsyon bèt domestik yo te ogmante anpil, sa ki demontre kijan òganizasyon swen bèt yo enpòtan nan monn nou an pou moun ak bèt yo tou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Dènye faz Fon Kapital pou Bèt Domestik la pral ede ranfòse refij New York yo nan bay anplwaye ak volontè yo zouti ak resous yo bezwen pou ede bèt yo nan swen yo pandan tout ane a".

Anons jodi a pote total ki dedye nan pwogram lan nan plis pase 20 milyon dola depi 2017. Depi lansman pwogram lan, 41 pwojè te atribiye atravè Eta New York epi 20 pwojè te fini nèt.

Se Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta New York la k ap jere Fon Kapital pou Bèt Domestik la. Pwogram lan bay sibvansyon korespondan konpetitif pou redui depans ki asosye ak pwojè kapital yo, sa k ap pèmèt pi bon swen ak anviwònman amelyore pou bèt ki loje nan refij lokal yo. Fon yo disponib pou refij bèt, fouryè ak sosyete imanité enkòpore ak minisipal ki elijib yo. Yo kapab itilize sibvansyon yo pou konstwi, renove, reyabilite, oswa achte batiman oswa ekipman ki nesèsè yo pou loje, trete, epi pran swen chen ak chat ki nan refij yo.

De Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposal, RFP) te pibliye nan 4èm faz pwogram sa a:

- **RFP 0255:**
 - 4.25 milyon dola disponib pou bay sibvansyon ant 50,000 dola ak 500,000 dola pou fouryè, refij ak sosyete imanité san bi likratif minisipal ak enkòpore yo ki gen yon minisipalite ki jere yo oswa ke yo gen kontra avèk li.
 - Antite ki te jwenn fon pandan opòtinite finansman Pwojè Kapital pou Bèt Domestik anvan yo elijib pou aplike pou yon prim nan kad RFP sa a. Pwojè ki te jwenn finansman anvan yo dwe fini anvan yon antite kapab aplike pou yon prim.

- **RFP 0258:**
 - 1.8 milyon dola disponib pou bay sibvansyon ant 50,000 dola ak 200,000 dola pou fouryè, refij oswa sosyete imanité yo ke yon minisipalite p ap jere oswa ki pa gen kontra avèk li men ki anrejistre nan Depatman an.

Tout aplikan yo dwe aplike atravè [Pòtay Sibvansyon](#) (Grants Gateway) an anvan 4:00 p.m. nan dat 25 janvye 2022. N ap jwenn plis enfòmasyon sou elijibilite ak jan pou nou aplike nan agriculture.ny.gov/funding-opportunities.

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare, "Fon Kapital pou Bèt Domestik New York la fè yon diferans reyèl pou refij bèt yo nan eta nou an. Nou kontan ak fyè wè finansman sa a kontinye pou nou kapab itilize siksè pwogram lan epi kontinye sipòte bèt ki an sante yo pandan y ap tann nouvo kay yo".

Direktè Egzekitif Federasyon Pwoteksyon Bèt nan New York la, Libby Post, te deklare, "RFP pou Fon Kapital pou Bèt Domestik ane sa a pou 5 milyon dola nan sibvansyon make yon envestisman kapital 20 milyon dola atravè Eta a nan rezo refij bèt nou an. Federasyon an remèsye Gouvènè Hochul ak Manm Asanble Lejislatif defansè nou yo, Deborah Glick, Senatè Eta Joseph Addabbo, Prezidan Komite Agrikilti Asanble, Donna Lupardo ak Prezidan Senatè Eta pou Agrikilti, Michelle Hinchey—san efò yo, Fon an ka petèt pa te reyentegre nan bidjè a. Mwen te vizite de nouvo refij—Susquehanna SPCA nan Cooperstown ak SPCA of Westchester nan Briarcliff—tou de te kredite sibvansyon CACF 500,000 dola korespondan yo a pou lanse inisyativ kanpay kapital yo a. Etablisman dènye kri refij sa yo bay swen maksimòm pou bèt ki sanzabri yo, kreye yon nouvo destinasyon nan kominote yo pou moun k ap adopte, epi etabli nouvo estanda pou swen bèt nan eta a. Fon Edikasyon Federasyon an pa ka tann pou bay yon lòt fwa ankò redaktè sibvansyon bon mache yo pou ede manm nou yo fasilite pwosesis RFP a".

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Fon Aksyon pou Bèt Domestik la se yon pwogram enpòtan ki elaji sipò ki nesesè anpil pou refij bèt lokal nou yo, ki konte prensipalman sou donasyon ak volontè k ap travay di yo ki bay swen ak bèt yo nan moman yo pi vilnerab yo. Kòm Prezidan Agrikilti Sena, mwen fyè defann pwogram sa a nan Bidjè Eta a, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li rann li disponib nan dènye

faz finansman sibvansyon sa a pou refij bèt yo nan Eta New York kapab kontinye bay swen bon kalite pou bèt sanzabri yo pandan y ap tann kay pèmanan yo a ak enpasyans".

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Refij New York yo travay san pran souf pou bay pi bon swen pou bèt yo pandan y ap tann adopsyon. Fon Kapital pou Bèt Domestik la enpòtan pou ede refij yo fè amelyorasyon ki nesèsè anpil yo. Etablisman nouvo, elaji oswa renove yo pral ede refij yo kontinye bay chat ak chen yo swen trè bon kalite. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a ak kòlèg mwen yo pou sipò pèmanan yo pou refij New York yo ak bèt domestik y ap sèvi yo".

Federasyon Pwoteksyon Bèt nan Eta New York lan (New York State Animal Protection Federation), estime ke yo pote plis pase 150,000 bèt nan etablisman sa yo chak ane epi fanmi New York yo te adopte anpil ladan yo.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418